



Pou Piblikasyon Imedya: 08/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PREMYE PWOGRAM PILÒT AKSYON KLIMATIK NAN PEYI A POU EDE LOPITAL NEW YORK YO ATENN ZEWO EMISYON KABÒN DISI 2050**

***Nan Kad Pwogram Pilòt Volontè, lopital NYSIF asire yo ki angaje pou redwi emisyon kabòn yo epi amelyore rezistans yo pral resevwa kredi prim jiska 1 milyon dola pou planifye ak aplike plan aksyon klimatik yo***

***Gouvènè a pibliye tou nouvo rapò NYSIF ki montre rapò ant chalè ekstrèm ak sante ak sekirite travayè yo – li disponib [isit la](#)***

***Li baze sou angajman Gouvènè Hochul pran pou l konstwi yon avni pi ekolojik, pi dirab pou tout abitan New York yo***

Gouvènè Hochul te lanse jodi a yon [pwogram pilòt aksyon klimatik volontè](#), premye nan peyi a, pou lopital yo, ki te mete aksan sou amelyore sante ak sekirite travayè yo pandan y ap abòde enpak danjere chanjman klimatik la sou anviwònman an. Pwogram nan bay kredi prim jiska 1 milyon dola pou lopital ki gen asirans Fon Asirans Eta New York (New York State Insurance Fund, NYSIF) ki angaje yo pou yo atenn zewo emisyon gaz ki lakòz efè sè nan ane 2050 epi amelyore rezistans yo fas ak evènman move tan, pandan y ap diminye risk ki gen rapò ak klima a ki kontribiye nan gwo ogmantasyon aksidan ak maladi nan espas travay la. Pwojè pilòt la baze sou angajman Gouvènè Hochul pou konstwi yon avni ki pi ekolojik, ki pi dirab pou Nouyòkè yo, ansanm ak dènye investisman ki te prevwa nan bidjè ane fiskal 2025 la ki te adopte pou fè avanse pwogram klimatik Gouvènè a.

"New York ap pran mezi pou kenbe estati nou kòm yon lidè mondyal nan batay kont chanjman klimatik la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram pilòt sa a pral ankouraje lopital yo pou yo redwi enpak yo sou anviwònman epi kreye yon New York ki pi an sekirite epi an sante. Soti nan pwofite polis asirans nou yo rive nan investisman transfòmasyon nan bidjè ane sa a, n ap itilize tout zouti nou genyen pou nou bati yon avni ki pi ekolojik, ki pi dirab pou tout Nouyòkè yo."

**Direktè Egzekitif ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSIF, Gaurav Vasisht, te deklare,** "Sektè swen sante a twouve l nan premye liy fas ak kriz klimatik mondyal la, kote li konfwonte ak enpak yo sou sante piblik li yo ak pètibasyon sistèm yo pandan y

ap kontribiye anpil nan emisyon gaz ki lakòz efè sè. Alòske 2023 se ane ki pi cho yo anrejistre, epi chalè ekstrèm nan kontribiye nan yon kantite aksidan ak maladi travayè yo k ap ogmante, NYSIF byen plase patikilyèman pou katalize aksyon klimatik transfòmasyon yo, pandan l ap bay ankourajman k ap amelyore sekirite travayè yo pandan y ap libere resous pou lopital yo reyalize objektif yo."

Endistri swen sante Etazini se pi gwo emetè GHG (gaz ki lakòz efè sè), ki reprezante 8.5 pousan nan tout emisyon nasyonal yo ak apeprè yon ka nan emisyon mondyal nan sektè swen sante. Lopital yo se kontribitè GHG ki pi enpòtan nan sektè swen sante, pi fò nan emisyon yo pwodwi endirèkteman nan chèn apwovizyonman, tankou nan achte enèji, anestezi, pwodui famasetik, manje ak materyèl medikal ak chirijikal plastik pou yon sèl itilizasyon.

Pwojè pilòt la bay moun ki gen asirans lopital NYSIF yo yon kredi inisyalye 5 pousan sou prim konpansasyon travayè yo, jiska 1 milyon dola pou chak polis asirans, lè yo angaje yo pou elabore yon plan aksyon klimatik pou kontwòl, rapòte, epi redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè yo ak amelyore rezistans yo fas ak pètibasyon ki gen rapò ak klima. Kredi inisyalye la pral libere lajan esansyèl imedyatman pou lopital yo elabore plan aksyon yo, ki etabli fondasyon pou rediksyon emisyon yo ak estrateji rezistans yo alavni. Yon kredi prim pèmanan 5 pousan, jiska 1 milyon dola pou chak polis, pral disponib pou lopital yo chak ane yo ap pwogrese nan etap yo te planifye yo. Pi devan, lopital yo ka kanalize kredi pèmanan an - ak tout ekonomi ki fèt gras ak emisyon yo ki redwi - nan swen dirèk pasyan yo ak ranfòse rezistans yo fas ak pètibasyon ki gen rapò ak klima.

Gouvènè Hochul te anonse tou piblikasyon Asirans la kòm yon Katalizè pou Aksyon Klimatik, rapò inovatè NYSIF ki detaye nesèsite pou diminye emisyon GHG nan lopital epi analize done reklamasyon NYSIF yo pou eksplòre relasyon ki genyen ant tanperati ekstrèm ak sekirite travayè yo. Konfòmman ak rechèch akademik prensipal yo, analiz la, ki te kouvri apeprè 95,000 reklamasyon, te revele yon rapò pi elve nan frekans ak gravite aksidan ak maladi nan travay nan jou chalè ekstrèm yo. Done yo te montre ke lè endis chalè a plis pase 80° F aksidan ki debouche sou reklamasyon yo te gen 45 pousan plis chans pou ogmante ak 20 pousan pi grav. NYSIF gen entansyon etidye done li yo plis pou pi byen konprann rapò sa yo.

Pou resevwa kredi prim yo, plan aksyon klimatik lopital yo dwe defini estrateji alontèm pou diminye emisyon dirèk ak endirèk, tankou sa ki pwodui nan chèn apwovizyonman pou anestezi, pwodui famasetik, manje, ak founiti plastik ak medikal pou yon sèl itilizasyon. Plan yo dwe detaye tou vilnerabilite ak enprevi nan chèn apwovizyonman yo epi dekri apwòch akizasyon lopital la pou ankouraje founisè ak vandè lopital yo pou yo kontabilize epi rapòte pwòp enfòmasyon sou emisyon pa yo pi devan. Plan yo dwe enkli tou garanti pou asire enpak pozitif sou anplwaye yo ak kominote ki nan antouraj lopital la.

Anplis kredi prim yo, pwojè pilòt la ofri tou aksè a sèvis kontwòl risk NYSIF yo, ki gen ladan konsiltasyon, resous, ak fòmasyon, ki mete aksan sou estrateji pou konfwonte defi ki gen rapò ak klima yo. Sèvis yo pral ede lopital k ap patisipe yo, sitou lopital ki pi

piti yo ak nan zòn riral yo, aplike estrateji pou diminye risk klimatik yo epi ankouraje byennèt travayè yo. NYSIF pral kreye tou yon fowòm pou pèmèt lopital yo aprann nan eksperyans youn lòt pandan y ap fè efò pou diminye emisyon yo epi chèche vin pi rezistan.

Inisyativ la pral aplike pou travayè aktyèl ak alavni ki gen asirans konpansasyon NYSIF, ak kredi prim ki disponib pou dire angajman ke yon lopital demontre pou l travay nan objektif pou atenn zewo emisyon GHG disi 2050. Pwojè pilòt la gen potansyèl pou jenere plizyè santèn milyon dola nan kredi prim kimilatif ak nan ekonomi depans pou lopital k ap patisipe yo, ke yo ka envesti pou ranfòse plis swen pasyan yo ak rezilta sante yo.

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA, te deklare,** "Tranzisyon enèji pwòp New York la ap ede ranfòse rezistans bilding yo atravè Eta New York la – ki gen ladan lopital yo - pou reziste ak enpak klima nou an k ap chanje. Nouvo inisyativ NYSIF sa a pral ankouraje lopital yo pou yo pran kontwòl itilizasyon enèji yo, adopte teknoloji pwòp ak efikas, epi redwi anprent kabòn yo pou sipòte yon avni san emisyon."

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare,** "Nouvo pwogram kredi prim nan Fon Asirans Eta New York la pou lopital yo se yon apwòch inovatè ak enpòtan pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè nan tout sektè ekonomi an, ki esansyèl pou pwogrè kontini Eta a vè reyalizasyon objektif klimatik nou yo. Ankourajman yo bay lopital yo pral gen yon efè antrènman pozitif nan tout ekonomi an paske founisè yo ap angaje yo nan dekarbonizasyon pandan y ap ede lopital yo nan tout eta a rekonèt avantaj ki genyen nan ogmante rezistans ak gwo tanpèt ak move tan an."

**Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare,** "Klima a chanje, menm nan lavi nou, li evidan. N ap kontinye idantifye ak pwofite solisyon inovatè yo pou kontrekare enpak negatif chanjman klimatik yo sou sante piblik ak pèsònèl. Emisyon gaz ki lakòz efè sè ki lakòz ogmantasyon tanperati a se yon menas enpòtan sou lasante, ki kontribiye nan ogmante pousantaj kout chalè, ensandi ki afekte yon fason negatif bon jan kalite lè a, ak pwopagasyon maladi pa transmisyon vektoryèl, tankou maladi Lyme ak viris West Nile. Lopital yo fè pati pi bon patenè premye liy nou yo nan reponn a enpak chanjman klimatik yo sou lasante. Pwogram pilòt inovatè sa a ankouraje lopital yo pou yo angaje yo nan solisyon klimatik alontèm pandan y ap bay priyorite ak lasante ak sekirite nan espas travay la."

**Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York la, te deklare,** "Kondisyon chalè ekstrèm yo debouche sou maladi, aksidan, epi pafwa lanmò travayè yo. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou asire sekirite nan espas travay la epi pwogram pilòt sa a se yon bon kòmansman. Mwen felisite NYSIF paske li jwenn fason pou amelyore sante ak sekirite travayè yo pandan y ap abòde chanjman klimatik yo."

**Enfòmasyon sou NYSIF**

Avèk prèske 200,000 moun ki gen asirans, 1.9 milya dola nan prim anyèl, ak plis pase 20 milya dola nan aktif ki envesti, NYSIF se pi gwo konpayi asirans konpansasyon travayè nan Eta New York ak pami dis pi gwo konpayi asirans nan tout peyi a. Misyon NYSIF se garanti disponiblite konpansasyon travayè yo, asirans andikap ak konje fanmi yo peye a pi ba pri posib pou patwon New York yo pandan y ap kenbe yon fon sòlvab. Depi kreyasyon li an 1914, NYSIF te akonpli misyon sa a nan konpetisyon ak lòt konpayi asirans pou asire yon mache ekitab pandan l ap sèvi kòm yon sous kouvèti garanti pou anplwayè ki pa ka jwenn airans yon lòt kote. NYSIF fè efò pou l rive jwenn pi bon rezilta sante pou travayè ki fè aksidan yo epi pou l vin yon lidè nan sektè a nan pri, kalite, ak sèvis pou anplwayè New York yo. Pou plis enfòmasyon, vizite [nysif.com](https://nysif.com).

### **Plan Klimatik Nasyonal Gouvènè Hochul la**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York (New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis 2030 ak 85 pousan dis 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 40 milya dola nan 64 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon dis 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)